

**NAN TRIBINAL KONTE POU 20^{YÈM} SIKONSKRIPSYON JIDISYÈ NAN E POU KONTE LEE, LAFLORID
AKSYON KRIMINÈL
DEKLARASYON KOUPAB OSWA MWEN PA KONTESTE**

**LETA LAFLORID
KONT**

N° KA A

Akize

Mwen parèt nan dat ki ekri pi ba devan yon jij nan Konte Lee, Laflorid, e yo te di mwen e mwen sèmante oubyen afimen sou sèman e mwen ka pran pinisyon pou fo temwayaj epi mwen konprann sa ki ekri anba a:

1. Kalite akizasyon ak eleman akizasyon(yo) nan kòze sa-a.
2. Diferans ki genyen ant deklarasyon koupab, mwen pa konteste, ak mwen pa koupab e efè chak deklarasyon kapab genyen.
3. Konsekans posib ki genyen lè m fè deklarasyon pou tèt mwem, ki gen ladann tou santans minimòm ke yo ka banmwén kounyea oswa lè mwen vyole anpil epi volontèman libète kondisyonèl la ak nènpòt ki santans ke yo dwe banmwén (gade pinisyon nan do dokiman sa-a).
4. Ke m genyen dwa pou m genyen yon avoka e ke yo kapab ba mwen yon avoka si mwen pa genyen lajan pou pran youn. Mwen te li enfomasyon nan ka sa a, oubyen yon moun te li l pou mwen, e mwen konprann kondisyon antant ki fèt la ki pèmèt mwn fè deklarasyon an epi ak akizasyon an/yo ki fè m fè deklarasyon sa a pou tèt mwen. Avoka m eksplike m pinisyon maksimòm pou akizasyon an/yo, sa ki pi enpòtan nan krim sa/yo, ak defans ki posib kont krim sa/yo; oubyen ak tout entèljans mwen epi volontèman deside pou reprezante pwòp tèt mwen epi pa sèvi ak dwa m genyen pou m pran avoka a; e mwen konprann tout bagay sa yo.

Mwen konprann ke lè mwen deklare mwen koupab (admèt akizasyon (yo)) oubyen mwen pa konteste (pa konteste akizasyon (yo)), mwen konprann ke pap genyen jijman ki pral fèt e ke mwen renonse dwa sa yo volontèman (se mwen ki deside fè sa):

1. Dwa m genyen poum rete an silans e poum pa enkrime tèt mwen nan akizasyon (yo);
2. Dwa m genyen poum al fè jijman ak pwosè devan yon jiri kote yo pèmèt sa;
3. Dwa m genyen fè fas a temwen ki kont mwen e poze yo kesyon;
4. Dwa m genyen fè temwen parèt vin pale pou mwen lè tribal la asiyen yo ;
5. Konsidere ke mwen inosan e dwa mwen genyen pou mande Leta prouve ke mwen koupab san pa gen dout rezonab avan ke yo retire konsiderasyon ke m inosan an.
6. Dwa m genyen pou mwen temwayne ou non pou tèt mwen e prezante nènpòt ki kalite defans ke mwen kapab genyen ; me mwen konprann ke mwen toujou kapab bay eksplikasyon tou kout konsènan sikostans patikilye avan ke mwen resevwa santans mwen.

Apre m fin konsidere tout bagay ak prekosyon, mwen fè deklarasyon sa a pou tèt mwen volontèman. Pa genyen moun ki fè m okenn pwomès, menas oubyen reprezantasyon (otan sa tribal la te prezante m nan). Kounyea, mwen pa anba enflyans okenn alkòl oswa dwòg. Mwen konnen sa map fè e mwen konprann enstriksyon tribal la. Mwen kwè ke deklarasyon sa a nan pi bon enterè mwen. Mwen admèt ke genyen prèv pou deklarasyon sa a e ke kote bagay yo fèt se devan tribal isit la.

Si krim mwen fè deklarasyon pou li a se yon krim seksyèl vyolan oswa se sèks ki lakoz krim nan, oswa si yo te deja kondane m pou yon krim konsa, deklarasyon m nan ka fè yo soumet mwen anba angajman sivil enveloptè kòm yon predatè seksyèl apre ke m fin konplete santans mwen an.

Depi jij la fin aksepte deklarasyon mwen an, mwen konprann ke, a mwens ke jij-la refize yon mosyon pou anile oubyen yon mosyon pou siphime ki ta fèmen ka mwen an, e mwen toujou gen dwa poum fè apèl sou mosyon an/yo ki te refize. Mwen renonse a dwa dapèl la. Otreman, mwen konprann ke mwen genyen 30 jou pou fè apèl kont santans ak jijman tribal la.

Mwen konprann ke si mwen pa peye lajan ke tribal la te òdone poum peye a, sa ka fè m pèdi privilèj mwen genyen pou yon pèmi kondui machin (Fla. Stat. 322.245). Mwen konprann ke Biwo Grefye Tribal la pral voye tout lajan ki pa peye 90 jou apre ke li ta dwe fin peye nan yon ajans koleksyon lajan epi yo pral ajoute yon frè ki ka rive nan jiska 40% de kantite lajan ou dwe a sou sòm lajan ki poko fin peye. (Fla. Stat. 28.246).

Avoka m te banm konsèy epi li te eksplike m sitiyasyon depotasyon an. Si m pa yon sitwayen Etazini, fè deklarasyon sa a pral lakoz yo depote m dapre lwa ak regleman peyi Etazini ak Depatman Imigrasyon ak Egzikisyon Dwanye. Mwen toujou vle fè deklarasyon pou tèt mwen ke yo depote m ou non.

APRE KE M FIN LI E KONPRANN TOUT SA KI PI WO YO, MWEN DEKLARE MWEN :
 KOUPAB **MWEN PA KONTESTE AKIZASYON (YO)**

Avoka

Akize

Dat nesans (mwa/jou/ane)

Akize ki a te parèt devan m le _____ jou nan _____, 20 _____. Mwen twouve ke akize djanm, konpetan e li konprann tout sa ki pi wo yo. Mwen twouve tou ke tout royalite ke avoka Leta a gen pou l pwouvo yo sifi pou montre krim nan/yo ki lan deklarasyon anwo a. Mwen sètifye ke akize ki gen non li pi wo te mète anprent pouw dwat li pi ba sou fòmilè sa a, devan mwen, nan tribal piblik jou sa a OSWA polisye a sètifye ke enprent ki kole a se li menm polisye a ki te pran li. _____ (SIYATI POLISYE A)

ENPRENT POUS DWAT AKIZE A

JIJ KONTE A

TI DELI PREMYE DEGRE

Yon ti deli premye degré ap resevwa pinisyon yon tème defini enkarserasyon oubyen libète kondisyonel ki pap depase yon (1) ane e/oubyen yon amann ki pap plis ke 1,000 dola plis fre tribal ak sipleman dapre Stati Laflorid.

Agrèsyon

Pote Yon Zanm Kache

Malis Kriminel (Domaj Plis Ke 200 Dola Me Mwens Ke 1000 Dola)

Kriote Kont Animal

Obstriksyon Pa Yon Moun Degize

Obtansyon Pwopriete An Echanj Chèk Ki Pa Bon, valè < 150 Dola

Peti Vol 2^{yem} ofans oubyen 1^{yem} ofans ak yon valè ant 100-300 Dola

Neglijans Koupab Ak Blèsi Pèsonel

Tire Yon Zanm A Fe An Piblik

Eksposizyon Endesant Oubyen Eksposizyon Yon Ogann Sèksyal

Posèsyon Bagay Pou Fè Dwòg

Posèsyon Marijuana (pa plis ke 20 gram)

Reziste San Violans

Antre Non Otorize sou Pwopriete Ki Pa Yon Strikti oubyen yon

Transpotasyon

TI DELI DEZYEM DEGRE

Yon ti deli dezyèm degré ap resevwa pinisyon yon tème defini libète kondisyonel ki pap depase sis (6) mwa oubyen enkarserasyon ki pap depase swasann (60) jou e/oubyen yon amann ki pap plis ke 500 dola plis fre tribal ak sipleman dapre Stati Laflorid.

Aso

Malis Kriminel (< 200 Dola Domaj)

Neglijans Koupab (Eksposizyon nan blèsi)

Entoksikasyon Dezodonon

Peti Vol-1^{yem} Ofans (valè < 100 Dola)

Pwostitisyon- 1^{yem} Ofans

Dezagreman Piblik

Antre Non Otorize Nan Yon Strikti Oubyen Transpotasyon, pa gen moun andedan

Aksyon Pa Natirel E Lasiv

Deranje La Pe

Violasyon Odinans

Kondwit Dezodonon

Jwèt de Azar

Trènen oubyen Rode

SIKILASYON KRIMINEL AK ENKARSERASYON AK AMANN MAKSIMOM

1. Kondwi pandan ou sou ak yon nivo Alkol Nan San Oubyen Nan Alènn ki .08 oubyen pi wo. Dapre La Lwa, kondanasyon pa kapab kenbe an sispanson. Senkant (50) è sevis kominotè-minimom obligatwa pou 1^{yem} ofans. Klas abi sibstans kontwòle, Lekòl DUI, Pano Enpak Viktim oubyen Klas Trompa e fre tribal. Konfiskasyon Machinn: 1^{yem} ofans- 10 jou, 2^{yem} ofans sou senk an- 30 jou, 3^{yem} ofans sou dis an- 90 jou.

Si akize te refize pran test alènn, sispanson administrativ differan ke sa-a jij-la pral enpoze e moun-la ta dwe chèche konsey legal pou wè si sispanson-a ale ansanm an menm tan oubyen apre sispanson ke jij-la odonen.

OFANS	AMANN MINIMOM	AMANN MAKSIMOM	ENKARSERASYON MINIMOM	ENKARSERASYON MAKSIMOM	REVOKASYON PEMI KONDWI MANCHINN	ENTELOK DEMARAJ
1 ^{yem}	\$500	\$1000	okenn	6 mwa	6 mwa- 1 an	Faklitatif sof si ogmante
	\$1000 (si .15 oubyen plis)	\$2000	okenn	9 mwa	6 mwa-1 an	6 mwa minimom
2 ^{yem}	\$1000	\$2000	10 jou si rive deja sous 5 an	9 mwa	1 an, 5 an si rive deja sou 5 an	1 an minimom
	\$2000 (si .15 oubyen plis)	\$4000		12 mwa	1 an, 5 an si rive deja sou 5 an	2 an minimom
3 ^{yem}	\$2000 \$4000 (si .15 oubyen plis)	\$5000	30 jou si rive deja sou 10 an	12 mwa	10 an si rive deja sou 10 an	2 an minimom

2. Ofans sikilasyon ki kapab resevwa pinisyon swasann (60) jou enkarserasyon e/oubyen yon amann 500dola ak fre tribal e sipleman dapre Stati Laflorid e yo maksimom sis (6) mwa libète kondisyonel:

Fè kous sou otowout

Pa Siye Kontravansyon Sikilasyon

Kite senn oubyen Fè Rapò Aksidan Ki Fo

Ofans Plak Imatrikilasyon

Itilizasyon Ilegal Pèmi Kondwi oubyen Pa Gen Pèmi Kondwi Valid

3. Kondwit Volontè Enpridant e San Konsiderasyon

- a) 1^{yem} kondanasyon- Katrevendis (90) jou enkarserasyon e/oubyen amann jiska 500 dola, fre tribal e sipleman dapre Stati Laflorid
- b) 2^{yem} kondanasyon oubyen kondanasyon apre sa-a Yon (1) ane enkarserasyon e/oubyen amann 1000 dola, fre tribal e sipleman dapre Stati Laflorid. Minimom 10 jou enkarserasyon pou twazyèm kondanasyon
- c) 3^{yem} kondanasyon sou senk (5) an- klasifikasyon ofansè sikilasyon residivist e revokasyon pou senk (5) an

4. Kondwi Ak Yon Pèmi Kondwi ki Sispenn/Revoke

- a) 1^{yem} kondanasyon- Swasann (60) jou enkarserasyon e/oubyen amann 500 dola, fre tribal e sipleman dapre Stati Laflorid
- b) 2^{yem} kondanasyon oubyen kondanasyon apre sa-a Yon (1) ane enkarserasyon e/oubyen amann 1000 dola, fre tribal e sipleman dapre Stati Laflorid. Minimom 10 jou enkarserasyon pou twazyèm kondanasyon

5. Ofans swivant kapab klase tankou gwo krim serye:

Kondwi ak yon Pèmi Kondwi ki Sispenn 3^{yem} ofans

DUI 4^{yem} ofans oubyen DUI 3^{yem} si sou 10 an

Fwi e Echape Gravman Yon Ofisyè Lapolis

Kite senn yon Aksidan Ak Blèsi Pèsonel

Peti Vol 3^{yem} Ofans